

December 15, 2009

**RE: Men Nouvo lwa ki change osinon afekte mounn ki habite nan STATE PUBLIC HOUSING
(kay leta ke state la okipe) al habite nan kay Federal Pwogram la okipe**

Chè habitan,

Nou ap ekri ou pou nou fè ou konnen ke gen anpil lwa ki change sou zafè kijan pou yon mounn habite nan State Public Housing ale habite nan Federal Public Housing an kominote ou a. Al habite nan Federal Public Housing Program pral mande nou pou siyen kontra ak CHA. Tanpri songe ke chanjman sa yo **Pap Mande nou pou Nou kite Kay la akòz de nouvo règleman sa yo.**

Nan papye sa a nou voye plis enfomasyon pou ka pi byen konprann. Pou respekte dwa ou kòm lokatè, CHA oblije mete ou okouran 60 jou anvan yo change lwa ki nan lokasyon yo. **Sa vle di ou gen jiska 15 Fevrye, 2010 pou nou siyen kontra a. Manager kote ou rete ap fè ou konnen kilè ou ka vini siyèn kontra a.** Men yon rezime de tout lwa ak chanjman ke ou pral wè nan kontra kay ak kijan sa ka afekte ou:

- **PRI LOKASYON KAY LA** Nan lòt ane kap suiv 15 Febriye 2010 la, pri kay la pral kalkile dapre yon jan CHA te fè kalkil la dapre yon lwa senp pou lokatè yo. Pou anpil rezidan yo, pri kay la pral desann. Men pou 18% lokatè, pri kay la pral monte. Pri ki ap monte akòz de gen yon nouvo lwa ki mande ke mounn dwe peye \$50 pa mwa pou pi piti. Si ou fè pati de mounn ki pral peye plis yo, pandan de premye ane yo ou pral peye 100\$ chak mwa. Men ou ka toujou mande CHA pou li evalye ogmantasyon kay la si tout fwa ou pa ka peye li.
- **“YON SÈL AVÈTISMAN” LWA** Federal Public Housing (responsab kay leta yo) gen yon lwa ki ka mande yon lokatè kite kay la rapid si mounn sa a pa respekte kontra ki te pase ak siyen an. Lwa sa rele yois subject the “One Strike. Lwa sa a la plis regle mounn kin an zafè drog ak lot vye bagay Kriminèl. Menm si aksyon an fèt nan building lan ou bien deyo building la, nou ka toujou mete ou deyò.
- **TRAVAY KOMINOTÈ** Tout Mounn ki ap viv nan federal housing oblije travay 8 hr de tan gratis pou kominote a chak mwa. Nan lòt ane pwochen lè ou va renouvle kay la nou ap mande ou sa. Si ou gen yon handicap oubyen lekòl, ou bien ap travay, osinon resevwa TAFDC, ou pa oblije fè travay kominotè a.
- **STATI IMIGRASYON OU** Nenpòt stati imigrasyon ou genyen, ou ka viv nan apatman ou ye kounye a. Pou mounn ki ba gen bon stati imigrasyon legal tankou jan HUD mande a, CHA mande pou nou itilize lajan MRVP pou nou ka kenbe ou nan apatman an. Pou kay kote ki gen mounn ki gen papye ak mounn ki pa gen papye ap viv, CHA ap fè yo peye 10% anplis ke sa yo ta dwe peye. En jeneral, ou pral peye 30% de sa ou touche pa mwa.

CHA ap bay tout lokatè yo 60 jou avi anvan tout chanjman sa yo reyalize. Tout moun gen jiska 15 Fevriye 2010, lè jou sa a rive, nou pral mande ou pou siyèn copi nouvo kontra yo. Epi nan ane pwochen, lè nou pral renouvle, lajan pou nou peye pa mwa nan Federal Program chak 2 zan.

Si ou ta gen kesyon, tanpri rele Manager ou osinon rele Faith Walker nan 617-520-6233. Nou pral fè tout sa ki posib pou nou ede ou nan chanjman sa yo nan lòd pou tout rezidan yo. Mèsi anpil pou tout bon konprann ou.

Ak Anpil Respè,

Gloria Leipzig, Direktè
Depatman Operasyon

Una versión en Español de este documento está disponible en su Oficina de Gestión, en la Oficina Central del CHA o en la página web de CHA: www.cambridge-housing.org
Yon vèsyon Kreyòl Ayisyen pou dokiman enpòtan sa a disponib nan Biwo Administrasyon an, nan Biwo Santral CHA, epi nan sit entènèt CHA: www.cambridge-housing.org.
A versão em Português deste documento está a sua disposição no seu Escritório de Gerencia, no Local Central de Gerencia do CHA, e no Website do CHA: www.cambridge-housing.org

ADISYON NAN KONTRA KAY LA - Zewo Tolerans (Lojman Ki Resevwa Asistans Leta)

Règ sa yo ap chanje kontra ant rezidan an avèk Otorite Lojman Cambridge ke Ekstansyon Atik sou Pwogram Opòtinite Lojman Federal 1996 lan egzije.

Obligasyon Rezidan an

Sa yo se obligasyon an plis pou Rezidan an:

- 1. REZIDAN** an dwe asire li ke moun ki antèt kay la, nenpòt moun ki abite nan kay la, nenpòt vizitè oubyen lòt moun sou kontwòl Rezidan an pa enplike nan
 - A) Okenn aktivite kriminel ki menase sante, sekirite, oubyen dwa lòt rezidan oubyen anplwaye CHA pou yo genyen lapè nan pwopriyete an, oubyen
 - B) Okenn aktivite kriminel ki gen rapò a dwòg kit li nan pwopriyete an ou pa.
- 2. REZIDAN** an pa dwe abize alkòl epi li pa sipoze kite lòt moun ki abite nan kay la abize alkòl, ke otorite lojman an detèmine ap deranje sante, sekirite, oubyen dwa lòt rezidan yo pou yo genyen lapè nan pwopriyete an .
- 3. REZIDAN** an pa dwe abize dwòg epi li pa sipoze kite lòt moun ki abite nan kay la abize dwòg, ke otorite lojman an detèmine ap deranje sante, sekirite, oubyen dwa lòt rezidan yo pou yo genyen lapè nan pwopriyete an .
- 4. REZIDAN** an pa we abize dwòg epi li pa sipoze kite lòt moun ki abite nan kay la abize dwòg.

Moun ki antèt kay ka, moun yo ki abite nan kay la, ak vizitè yo dwe swiv règ sa yo ki se yon kondisyon nan Kontra sa a pou kontinye rete nan pwopriyete an, epi depi moun ki antèt kay la, moun yo ki abite nan kay la, vizitè oubyen lòt moun ki sou kontwòl Rezidan an ta vyole nenpòt nan lwa sa yo, kontra sa a ap anile. Si CHA kwè ke yo te vyole youn oubyen plis nan lwa sa yo, CHA kapab anile kontra a san gade si yo te arete, chaje, oubyen deklare moun nan devan lalwa a koz de konpòtman li ou pa.

Fen Kontra a

Men plis rezon ki ap lakoz yo anile kontra a:

- 1.** Aktivite kriminel ki menase sante, sekirite, oubyen dwa lòt rezidan pou yo genyen lapè nan pwopriyete an, oubyen nenpòt aktivite kriminel ke moun ki antèt kay la, nenpòt moun ki abite nan kay la, nenpòt vizitè oubyen lòt moun ki sou kontwòl Rezidan an enplike lajan li ki gen rapò a dwòg, kit li nan pwopriyete an ou pa.
- 2.** Abi alkòl ki deranje sante, sekirite, oubyen dwa lòt rezidan yo pou yo genyen lapè nan pwopriyete an.
- 3.** Ap itilize dwòg ki ilegal.
- 4.** Ap itilize dwòg ou alkòl ki kapab deranje sante, sekirite, oubyen dwa lòt rezidan pou yo genyen lapè nan pwopriyete an.

Kòmanse le:

Dat

Siyati Moun ki Antèt Kay la

CHA Staff Signature

Non Anplwaye CHA a

Date

Tit

Una versión en Español de este documento está disponible en su Oficina de Gestión, en la Oficina Central del CHA o en la página web de CHA: www.cambridge-housing.org
Yon vèsyon Kreyòl Ayisyen pou dokiman enpòtan sa a disponib nan Biwo Administrasyon an, nan Biwo Santral CHA, epi nan sit entènèt CHA: www.cambridge-housing.org.
A versão em Português deste documento está a sua disposição no seu Escritório de Gerencia, no Local Central de Gerencia do CHA, e no Website do CHA: www.cambridge-housing.org

CHANJMAN NAN KONTRA KAY LA - DEZYÈM (Lojman Ki Resevwa Asistans Leta)

Kontra kay la, ki te kòmanse «**INSERT DATE**», ant «**INSERT NAME OF RESIDENT**» ak Otorite Lojman Piblik (CHA), chanje avèk règ yo ki ekri piba a ki vin ajoute ladanl, malgre chanjman sa yo, Kontra a ap kontinye genyen menm valè ak efè.

PARAGRAF 6 nan kontra ap chanje kote nou ajoute bagay sa yo nan fen paragraf la:

" Règ CHA yo sou lwaye Lojman Piblik Demenajman pou rezon Travay - ("Règ pou Lwaye an") kòm yo ap chanje de tanzantan, yo ap antre pa referans nan Kontra sa a. Si Règ Lweyaj sa yo nou di an ta an konfli avèk nenpòt règ nan kontra a, Règ Lweyaj yo ap genyen priyorite."

PARAGRAF 24 nan kontra ap chanje kote nou ajoute bagay sa yo nan fen paragraf la:

"Pa genyen okenn lokatè ke yo ap anile kontra li paske li te vyole nenpòt nan Obligasyon Lokatè yo ki baze sou nenpòt rezon pou Anile Kontra a ki te nan Adisyon Kontra Zewo Tolerans lan (egzanp premye Adisyon a kontra sa a) ki pral genyen dwa a yon reyinyon avan fen kontra oubyen yon odyans pou pote plent devan la lwa avan ke yo fini oubyen anile kontra kay la."

PATI A PARAGRAF 1 sou Demach pou Pote Plent kont Otorite Lojman Cambridge la ap chanje konsa:

"Demach pou pote plent lan pa konte pou yon lokatè ke yo te anile kontra li paske li te vyole yon Oblisyon Lokatè ki te nan Adisyon Zewo Tolerans lan, oubyen baze sou nenpòt rezon pou anile kontra kay la nan Adisyon Kontra Kay la Zewo Tolerans oubyen konfòmman a M.G.L.c. 139 oubyen rezon yo ki site nan M.G.L.c.121b§32."

PARAGRAF 28 nan kontra ap chanje kote nou retire bagay sa yo:

"Pa dwe genyen okenn chyen, chat oubyen lòt bèt domestik anndan oubyen sou pwopriyete an sof pou zwazo ki nan kalòj yo ak pwazon ki rete anndan yon akwaryòm sof pou yon chyen ki te anndan apatman an avan 1e Mas 1982 epi enskri nan CHA avan 9 avril 1982. Direktè Manajman an kapab fè yon eksepsyon a paragraf sa a pou yon moun ki andikape. Yon eksepsyon konsa dwe fèt pa ekri. Si yo bay pèmisyon chak REZIDAN avèk yon bèt ap respèkte nenpòt règ espesyal ki gen rapò a bèt nan apatman li an."

Epi ajoute

(28) REZIDAN an oblije garanti ke okenn moun ki abite nan kay la, oubyen vizitè oubyen lòt moun ki sou kontwòl REZIDAN an pap pran swen oubyen kite okenn chyen, chat, bèt domestik oubyen nenpòt kalite bèt kay nan kay la oubyen nan lakou okenn nan devlopman CHA yo amwenske se selon règ CHA pou bèt kay.

Devlopman eta a ak federal pou moun ki aje pa nan règ sa a, men ap genyen pwòp règ pou bèt kay pou imèb sa yo menm.

Nan nenpòt pwopriyete, yon moun ki andikape kapab sou mèt yo demann davans pou li genyen yon bèt sèvis oubyen yon bèt konpay ki nesèsè kòm yon adaptasyon rezonab pou andikap li an.

PARAGRAF 40, 41 42, ak 43 ap ajoute nan kontra sa a:

40. Kontra kay la ap renouvle otomatikman pou tout rezon amwenske moun nan pat respekte egzijans Sèvis Kominote ak Endepandans.

41. Egzijans pou Sèvis: Yon Rezidan ak chak moun ki abite nan kay la ki pa gen egzansyon dwe kontriye ywit èdtan nan sèvis kominote chak mwa (aktivite politik pa ladanl) oubyen patisipe nan yon pwogram endepandans ekonomik pandan ywit èdan chak mwa oubyen melanje sèvis kominote ak pwogram endepandans ekonomik pou ywit èdan pa mwa.

42. CHA ap revize chak ane ak detèmine si chak nan REZIDAN yo nan kay la ki pa gen egzansyon pou yo si yo respekte egzijans sèvis la trant jou avan peryòd kontra a ekspire. Si CHA detèmine ke genyen yon fanmi ki pa ekskize epi li pat satisfè egzijans sèvis li, CHA ap notifiye lokatè an de detèminasyon an. Notifikasyon bay 1) yon deskripsyon tou kout de sa li pa respekte an; 2) ke li gen dwa konteste sa yo di li pa respekte an nan pwosedi plent CHA a; ak 3) amwenske lokatè fè yon antant pou rezoud sa li pa respèkte an, yo pap renouvle kontra a.

43.. Si yon moun vyole egzijans règ Sèvis Kominote yo sa kapab yon rezon pou pa renouvle kontra sa a selon paragraf 23, konsènan sa.

Nouvo PARAGRAF 4a ap ajoute nan seksyon ki genyen kòm tit "Apatman, Rezidan, Lwaye ak Sèvis Piblik"

Pa Peye Lwaye - Frè pou Reta

Si yon REZIDAN ki nan kay leta ede peye yo pa kapab peye tout oubyen nenpòt pati nan lwaye an nan trant (30) jou ke li dwe peye li an, CHA ap chaje li yon frè \$25 paske li pat peye lwaye a atan, epi yo ap konsidere kantite sa a yon pati an plis pou lwaye. Lè ou peye kay ou lajan sa ap konte pou obligasyon ki te pi ansyen an. Si lokatè a montre bon koz pou peyman ki anrete a CHA an, CHA gendwa retire enterè ak frè reta yo si li vle. Lè CHA chaje yon frè reta, li pa renonse okenn dwa pou li ka bay yon avi pou fini kontra kay la paske lokatè an pat peye lwaye li, kòmansè fè demach pou mete REZIDAN an deyò paske li pat peye lwaye li ak touche lajan ki te aryere, frè cherif ak lajan ki sou kont REZIDAN an paske li pat peye lwaye a atan.

Kòmansè le:

Dat

Siyati Moun ki Antèt Kay la

CHA Staff Signature

Non Anplwaye CHA a

Tit